



18 Out, 2008

A: Chèf Lekòl yo
Pèsòn ki an Chaj Lekòl yo
Direktè Lekòl yo

De: Lucille E. Davy
Commissioner

SIJE: Demand pou enfòmasyon de elèv nan men Militè « Military Recruiters »,
Inivèsite yo, e Konpanyi kap Anplwaye

Pandan ane lekòl 2008-2009 komanse, distri yo dwe siveye sou tout pwovizyon ki genyen nan « Title IX » (seksyon 9528) nan « *No Child Left Behind (NCLB) Act of 2001* ». Seksyon sa a montre tout pwovizyon ki bay militè ki bezwen jwenn moun ki enterese antre nan militè « military recruiters » menm aksè avèk inivèsite ou byen konpanyi kap anplwaye (i.e., college fairs, job fairs, etc.). NCLB mande distri yo pou bay militè yo tout non elèv yo, adrès yo, lis telefòn yo lè yo mande yo. Avèk lèt sa, nou mete gid final USDOE te bay 9 Oktob, 2002 pou pwovizyon sa a e yon lèt kite prepare pa Depatman Edikasyon Etazini « United States Department of Education » (USDOE) e Depatman Defans Etazini « United States Department of Defense » (USDOD). Demand federal sa a jwenn sipò leta « New Jersey » a tou (N.J.A.C. 6A-327.1, « Student Records »).

Pou nou pa gen pwoblèm, tout lekòl ki resevwa asistans anba « *Elementary and Secondary Education (ESEA) Act of 1965* », avèk revizyon « *No Child Left Behind Act of 2001* » (P.L. No. 107-110), dwe obeyi a demand ki fèt pa 1) militè « military recruiters », 2) konpanyi kap anplwaye ou byen 3) inivèsite pou tout non elèv yo, adrès yo, lis telefòn tout elèv ki nan lekòl segondè. Lekòl la dwe bay enfòmasyon sa a, eksepte si yon paran, ou byen yon elèv ki yon adilt (18 an), « pran opsyon » pou yo pa bay enfòmasyon sa a. Paran ou byen elèv ki adilt yo (18 an) dwe mande pa ekri yon lèt ke enfòmasyon elèv pa sipoze bay a kenpòt moun ou byen ajansi ki mantyone anlè yo. Yon ekzanp de yon lèt « opsyonèl » ke nou ka bay paran ou byen elèv nan pakèt sa a. Dokiman sa yo pou enfòmasyon elèv e aplikasyon « opsyonèl » plake sou wèbsit NJDOE NCLB: <http://www.nj.gov/education/grants/nclb/programs/title9.htm>. Distri yo dwe fè tout sa yo kapab pou bay dokiman sa yo a tout paran nan komansman ane a pou yo ka pran yon bon desizyon.

Jan nou mantyone nan lèt ki akonanye ke USDOE e USDOD te bay, distri yo responsab pou di paran yo avek gadyen yo de yon pwovizyon ki nan « *Family Education Rights and Privacy Act* » (FERPA). FERPA proteje rekòd edikasyon prive elèv yo. Premye objektif li se pa kite distri yo bay enfòmasyon ki ka domaje, ou byen pa kite enfòmasyon prive elèv yo pibliye nan jounal lekòl yo. Akonpanye lèt sa a, se yon ekzanp « *Notification of Rights Under FERPA for Elementary and Secondary Schools* » ke nou ka bay paran e

elèv ki adilt. Dokiman sa a montre pwovizyon ke manda sa a otorize ki ka pèmèt nou bay enfòmasyon elèv yo nan kèk sikonstans. Nou konseye ke ou itilize notis sa a pou enfòmasyon paran yo sou manda FERPA.

Silvouplè, asire ke tout paran konnen manda sa yo e ba yo yon opòtinite pou itilize aplikasyon « optyonèl » la. Kòm nou fè pati *NCLB* kap asire sa, NJDOE ap revize tout distri ki dakò ou pa dakò avèk manda Title IX § 9528 yo. Si ou gen kesyon, silvouplè, pran kontak avèk Judy Alu nan « Office of Student Achievement and Accountability » pa imèl nan Titleone@doe.state.nj.us.

LED/BG

Attachments

Members, State Board of Education

Willa Spicer

John Hart

Senior Staff

Kathryn Forsyth

Suzanne Ochse

County Superintendents

Garden State Coalition of Schools

NJ Lee Group Members

Mark R. Quinn

Aaron D. Tuemler